

Flanbo Verite A

**OU PA TANDE
BRI A ?**

(Gade istwa sa a nan paj 10)

Me - Jen 2020 | Volim 11 Nimewo 3

Jounal sa a pa pou vann

TAB MATYÈ

Editorial 3

Ki Moun Bondye Ye ?

#4 Plan Bondye pou Lavi Entim
(Seksyèl) 4

Istwa Kouvèti a 10

Seksyon Paran

Apèl pou Monte

Leson 9d 15

Istwa Biblik

Ti Gason Jezi nan Tanp lan 18

Istwa Mati Yo

Batèlmi—Lanne 70 Apre Kris 21

Seksyon Jenn

Chemen Li te Chwazi a

Chapit 2a 23

Seksyon Timoun

Kè M' Di Amèn 30

Aktivite Timoun 34

Vire Je Ou sou Jezi Kouvèti Dèyè

Komite

Direktè

Dale E. Heisey

Duane Nisly

Mark Yoder

Paul Schrock

Antonio Valverde

Jesús Villegas

Antonio Campos

Sanford Yoder

Edite

Duane Nisly

Pete Garber

La Antorcha de la Verdad

Apartado Postal #15

Pital de San Carlos

Costa Rica, C. A.

Flanbo Verite A, se

Publicadora La Merced, ki
sitiye nan Santa Rita de
Rio Cuarto, Costa Rica, ki
pibliye li chak de (2) mwa.

PUBLICADORA LA

MERCED se yon konpayi
k'ap pibliye liv nan yon bi
pou yo pwopaje Levanjil
la. Yo pa fè sa pou lajan.
Okontrè, yo fè sa pou yo
pwopaje bon jan doktrin
biblik dapre kwayans
Anabatis yo, epi yo fè sa
pou sila yo k'ap resevwa
literati sa yo kapab jwenn
bon konsèy pratik pou
aplike nan lavi yo.

Desen Kouvèti a :

Randall Nisly

Editorial

Chè lektè :

« Ou fè kansè. Ou rete twa (3) mwa konsa, petèt sis (6), anvan ou mouri. » Ala yon nouvèl tèt chaje ! Se yon pawòl ki ta kase kè nenpòt moun ki tande li. Se yon nouvèl ki ka pouse yon moun panike. Se nouvèl konsa moun pi pa vle resevwa. Devan yon deklarasyon konsa, se reyalyte lanmò a ki vin kanpe anfas ou. Bout lavi ou pa lwen ankò.

Yon bon zanmi m' te resevwa nouvèl sa menm. Oparavan li t'ap nourri yon ti espwa konsènan maladi li t'ap soufri a. Lè nouvèl la te tonbe, espwa a te ale. Se te bagay serye kounyeya. Yon sèl kou, tout bagay te chanje pou li. Kounyeya pa genyen okenn desizyon li pran ki pa depann de reyalyte a ki devan li : tan li rete pou fè sou tè sa a pa anpil ankò.

Nou fasil kanpe pou nou di se konsa lavi a ye. Moun toujou ap di pèsonn pa konnen konbyen jou li rete. Doktè yo ka rive bay yon lide sou konbyen tan yon moun rete anvan maladi a touye l', men alafen se pa doktè a ki deside konbyen jou moun lan pral fè sou tè a. Otè lavi a se Bondye. Se sèlman Bondye ki konnen konbyen jou Li deside prete nou sou tè a. Job te di verite sa a. Li di : **« San anyen m' sòti nan vant manman m'. San anyen m'ap tounen anba tè. Senyè a bay ! Senyè a pran ! Lwanj pou Senyè a ! »** (Job 1.21). Nan moman an kote Job te wè tout byen materyèl li yo disparèt devan l', reyalyte lavi a ansanm ak reyalyte letènite te vin pi klè pou li.

Je m' te tonbe sou yon ti dokiman yon misyonè te pibliye. Li t'ap pale sou kijan li enpòtan pou n' konsantre nou sou Jezi, pou n' pa kite lòt bagay ki bon okipe plas ki sipoze rezève pou Sila ki pi bon. Li di konsa : « Vire je ou sou Jezi. Fikse je ou sou Li menm. Ou va wè kijan tout lòt bagay yo pèdi bèlte yo. »¹

M' panse nou tout konn kraze kò nou dèyè bagay ki fè nou pa wè Jezi. Nou fè sa twòp. Souvan nou goumen pou n' jwenn yon seri bagay k'ap fè nou bliye bagay Syèl la, bagay ki etènèl. Jezi di konsa : **« Pito nou chache bay bagay peyi Wa ki nan syèl la premye plas nan lavi nou, chache viv jan Bondye vle l' la anvan. Lè sa a, Bondye va ban nou tout lòt bagay sa yo tou »** (Matye 6.33). Pafwa nou kite sa ki bon epi sa ki gen valè kouvri sa ki pi bon, sa ki gen plis valè. Se yon danje li ye pou pifò nan nou.

Ki bagay ki pi enpòtan pou ou nan lavi ou ? Kisa k' premye lide ki antre nan tèt ou lematen pandan w'ap reveye ? Ki kote panse ou yo toujou retounen pandan jounen an ? Kisa k' nan tèt ou pandan w'ap tann dòmi pran ou ?

« Vire je ou sou Jezi... »

1. Sitasyon an sòti nan *Which Passion will Prevail ?* Se *Lilias Trotter* ki te ekri li. *Helen Howarth Lemmel* te ekri chan an ki di : « Vire Je Ou Sou Jezi » ki baze sou menm lide sa a (sou do liv la).



#4 Plan Bondye a Pou Lavi Entim (Seksyèl)

—Mark Yoder

Lemonn modèn lan malad. Malgre tout pwogrès ki fèt nan lasyans ak nan teknoloji, lòm ap viv tankou yon moun yo bat, tankou yon sòlda ki deja pèdi batay. Sa m'ap di la a jwenn konfimasyon nan yon pawòl yon pwofesè te pataje avèk mwen yon lè. Li te fristre. Li t'ap pale sou kijan yo te fè anpil efò nan lekòl li a (yon lekòl ki pa Kreyen) pou yo fòtifye timoun yo avèk anpil ansèyman imanis, men malgre sa timoun yo t'ap vin pi mal dejouwanjou. Malgre tout liks modèn n'ap jwi aktyèlman, moun pa twouve satisfaksyon pèsònèl. Dejouwanjou, sanble moun vin pi dekouraje ak lavi a. Yo santi yo pa itil anyen. Yo pa satisfè. Pase pou nou wè plis satisfaksyon, sa nou wè se plis pwoblèm alkòl, plis pwoblèm dwòg, plis vyolans, epi plis moun ki rive touye tèt yo.

Yon kote pwoblèm sa parèt aklè se nan lavi seksyèl moun. Nan sosyete modèn

lan, genyen reklam agòch adwat pou plezi seksyèl. Yo pa kache sijè sa ditou. Bagay yo parèt tout kote ou voye je ou. Men kijan sa ye : si ou ta ale nan yon izin kote yo fabrike machin, w'ap wè machin tout koulè... wouj, nwa, blan, ble, gri, krèm... Se ou ki pou chwazi sa ou pito. Enben, nan kilti modèn lan yo genyen yon pakèt preferans ak espresyon seksyèl lemond ap ofri moun. Yo divès. Konsa, genyen moun ki gade maryaj selon Bondye avèk move je. Yo di li limite yo twòp. Yo di yo prefere lib pou fè esperyans selon pwòp preferans yo epi pwòp dezi yo. Malerezman, yo pa janm rive twouve satisfaksyon seksyèl. Chak jou nou tande maryaj k'ap kraze. Pifò maryaj ki fèt fini mal yon jou. Yo pa reyisi. Moun yo pa rete fidèl. Chak jou genyen mwens relasyon ki reyisi sou kèsyon fè moun jwenn sa y'ap chache, ki se renmen. Sa vle di, dejouwanjou moun yo vin pi mal pou jwenn menm bagay yo di y'ap chache pi rèd. Men poukisa ?

Sa rive konsa paske moun pa okipe enstriksyon yo ki sòti nan Bondye, Kreyatè nou an. Moun pa dakò swiv lòd Sila ki te kreye nou an. Si yo ta swiv li, li ta yon benefis pou yo. Yo t'ap jwenn bon jan libète. Men yo pa konprann sa. Se menm jan avèk prensip yo ki mache ak yon telefòn ou fèk achte. Si ou swiv prensip yo nan jan ou chaje telefòn lan anvan ou sèvi avè l', w'ap jwi benefis. Refize enstriksyon yo, epi se ou k'ap souffri. Konsa tou, depi nou swiv lòd Bondye ban nou yo, se nou ki benefisye. Anpil moun pale fò pou yo defann libète seksyèl pou tout moun. Yo di se pou chak moun fè sa l' pi pito. Yo poko konsidere pakèt dezas nou deja ap wè nan mond modèn lan.

Kisa ki plan Bondye pou seksyalite nou ? Poukisa Li te kreye nou avèk seksyalite lakay nou ?

Plan Bondye a Devwale Imaj Bondye Avèk Glwa Bondye

Nan premye chapit la nan Bib la, nou wè kijan Bondye te kreye lòm avèk kapasite seksyèl, epi nou wè poukisa. Nan Jenèz 1.26–28, nou wè Bondye te planifye pou lòm posede imaj Bondye a ansanm ak glwa Bondye a. Bagay sa yo tapral vizib pandan lòm t'ap viv lavi li. Avèk menm objèktif sa a, Bondye te kreye lòm nan de (2) kategori : gason ak fi. Nan chapit 2, nou wè kijan toude te fè yon sèl (Ou ka gade Matye 19.5 tou). Selon plan Bondye a nan kreyasyon an, relasyon gason ak fi kreye

yon inyon ki vrèman bèl, epi ki espesyal. Nan Jenèz 1.31 Bondye deklare se yon bagay ki bon nèt. Jouk jounen jodi a, relasyon gason ak fi nan maryaj rete yon bagay ki espesyal epi ki vrèman bèl. Se plan Kreyatè a. Selon plan Bondye a, gason an ak fi a chak kite lakay yo pou yo fòme yon inyon nouvo. Ala saj Bondye te saj dèske Li te kreye yon bagay ki osi espesyal epi ki san parèy konsa ! Piga pèsonn twonpe tèt li : sa Bondye te kreye a se bagay ki pwòp, ki bèl, ki bon. Entimite seksyèl andedan maryaj se yon fason inik nou kapab remake imaj Bondye avèk glwa Bondye.

Plan Bondye a Satisfè Bezwen Moun

Bib la konfime lè de (2) moun ki marye patisipe nan relasyon seksyèl ansanm, sa bon. Bib la fè nou konnen relasyon sa a reponn ak bezwen fizik epi bezwen emosyonèl toude moun yo. Anplis, Bib la montre nou se plan sa ki egziste pou lòm fè pitit. Nan Jenèz 1.28 Bondye bay lòm lòd pou l' fè pitit, pou li ranpli tè a. Nan Pwovèb 18.22, men sa nou li : « *Lè yon nonm jwenn yon bon madanm, se yon bon bagay...* » Pwovèb 5.18–19 fè nou konnen Bondye vle pou gason yo fè kè yo kontan ak madanm yo, pou yo pran plezi yo ak madanm yo renmen depi lè yo te jenn lan. Nou wè ankò kijan Bondye egzijè relasyon seksyèl nan mitan moun ki marye nan 1 Korènt 7.3–5. Liv Kantik De Kantik montre nou kè Bondye annegad relasyon entim ant yon gason ak madanm li. Bondye pa sèlman dakò, Li egzijè l' !

Bib la pale kare kare sou seksyalite andeyò plan Bondye a. Bib la kondane li kòm bagay ki mechan, ki sal, ki pèvèt, ki detwi moun.

Plan Bondye a Fè Pwovizyon Pou Yon Sèl Gason Ak Yon Sèl Fi

Depi Bondye te pale sou yon gason ak yon fi ki fè yon sèl chè, se klè Li vle di maryaj se yon relasyon pou de (2) moun ase. Bondye pa t' planifye pou se twa (3) moun ki fè yon sèl. Relasyon maryaj la kapab egziste sèlman ant yon gason epi yon fi. Depi yon twazyèm moun mele nan inyon sa a, genyen domaj konsekan ki fèt. Jezi te di konsa : « *Konsa, yo pa de (2) ankò, men yo fè yon sèl kò. Se poutèt sa, pèsonn moun pa gen dwa separe sa Bondye mete ansanm* » (Matye 19.6).

Relasyon ki egziste ant de (2) moun ki marye mache pwòch avèk prensip fidelite, lwayote, ak moralite. Li reflete relasyon Kris la anvi jwi ansanm avèk legliz Li a.

Depi yon moun deyò mete pye l' nan relasyon an, sa deja detwi bèl prensip sa yo nan mitan mesye a ak madanm li. Li tache imaj Bondye a ki r'ap reflète nan relasyon an tou. Apre sa, li kreye yon relasyon ki fo, epi ki pèvèti. Poukisa ? Paske selon plan Kreyatè a relasyon entim sa a se bagay ou viv ak yon sèl moun. Li prive. Depi yon moun eseye detounen plan Bondye a pou fè l' mache yon lòt jan, li deja ap souffri konsekans grav.

Plan Bondye a egzije relasyon entim sa a se bagay ki egziste ant yon gason ak yon fi. Nenpòt relasyon seksyèl ant de (2) gason oubyen ant de (2) fi, se yon pèvèsyon li ye. Li deyò plan Bondye a. Jan kò gason an fèt epi jan kò fi a fèt konfime pou nou se relasyon gason ak fi Bondye te planifye pou kreyasyon Li a.

Plan Bondye a Egzije Inyon Pou Tout Lavi

Relasyon maryaj la se yon relasyon ki egzije fidelite lakay toude moun yo pandan tout rèl lavi yo. Depi yo mare ansanm nan alyans maryaj la, inyon sa a pa kapab kraze. Sila yo ki eseye kraze maryaj, yo lakòz anpil domaj ak anpil doulè. Se Bondye menm ki etabli prensip la : Depi de (2) moun fin mete tèt yo ansanm nan maryaj, yo pa kapab defè inyon sa a pou yo al kòmanse avèk yon lòt moun ankò. Okenn jij, okenn avoka, okenn lwa lòm ekri pa gen otorite pou separe sa Bondye te mete ansanm (Women 7.3 ; Matye 19.6).

Bagay Ki Deyò Plan Bondye a

Tout relasyon seksyèl ki fèt deyò plan Bondye a se bagay ki fè domaj, ki entèdi, epi se peche yo tout ye. Egzanp se plasaj, remarye pandan premye patnè a vivan toujou, plizyè madanm, epi sèks lib—san okenn angajman. Tout bagay sa yo tòde plan Bondye a. Yo klase kòm adiltè epi dezòd lachè. Donk, se peche yo ye. Bat laponyèt epi sèks avèk bèt se pèvèsyon ki sòti nan lògèy. Yo pa sòti nan imaj Kreyatè a ni nan glwa Li.

Bondye ban nou yon avètisman nan Kolòs 3.5–6 : « *Se poutèt sa, se pou nou detwi nan nou tou sa ki sòti nan lemonn tankou: imoralite, malpwòpte, move dezi, move lanvi, renmen lajan (ki menm jan ak sèvi zidòl).* *Se tout bagay sa yo ki fè kòlè Bondye tonbe sou moun ki derefize obeyi li.* » Efezyen 5.3,5–6 di

konsa : « *Paske nou se pèp Bondye a, sa pa bon pou nou menm louvri bouch nou pale sou dezòd lachè, sou bagay ki sal ak vye dezi... ⁵Paske, konnen sa byen : okenn moun ki nan dezòd lachè, osinon ki nan lenkondwit, osinon ki renmen lajan* (moun konsa se tankou moun k'ap sèvi zidòl), *okenn nan moun sa yo p'ap gen pòsyon eritaj nan peyi kote Bondye ak Kris la wa a. Pa kite pèsonn twonpe nou ak pawòl san sans yo: se poutèt bagay sa yo menm kòlè Bondye tonbe sou moun ki refize obeyi l' yo.* »

Relasyon entim (seksyèl) nan mitan de (2) gason osinon de (2) fi se peche. Bondye kondane relasyon sa yo kòm bagay ki pèvèti, ki kont lanati. Pòl klase dezi sa yo kòm dezi ki dezonore moun. Se derayman. (Women 1.27, BIB KREYÒL LA). Relasyon omoseksyèl sòti nan yon dezi pou plezi pèsònèl ki deyò plan Bondye a. Se relasyon ki pa ka fè pitit yo ye, epi yo opoze ak relasyon gason ak fi.

Women 1.26–27 di konsa : « *Se poutèt sa, Bondye kite yo fè sa yo pito. Men, se sa k'ap avili yo tou : fanm pa vle sèvi ak kò yo jan yo dwe; yo pito fè sa ki pa bon.* ²⁷*Se konsa tou, gason derefize sèvi ak fanm jan sa te dwe fèt. Yo pran dife youn pou lòt: gason fè malpwòpte ak gason parèy yo. Yo pèdi tèt yo nèt. Men tou, yo resevwa nan kò yo pinisyon yo merite a.* »

Bondye pa kache sa ki bon ak sa ki pa bon sou afè seksyalite. Li mete nou klè, epi li ensiste sou estanda Li detaye yo. Fòk nou swiv yo. Li avèti nou sou kisa ki pral vini pou sila yo ki pratike bagay kwochi yo : « *Men, pou moun ki lach yo, moun ki pa kenbe pawòl yo, ansasen yo, bann moun deprave yo* (moun imoral), *moun k'ap fè maji yo, moun k'ap adore zidòl ansanm ak moun k'ap bay manti, plas yo se nan letan dife ak souf k'ap boule a yo ye. Se sa yo rele deztyèm lanmò a* » (Revelasyon 21.8).

Kijan Nou Dwe Aji Devan Bagay Kwochi Ki Nan Sosyete Modèn Yo ?

Nou pa kapab touye je n' pou n' di sosyete modèn lan pa debòde ak bagay ki deyò plan Bondye a pou seksyalite. Se bagay sal menm sosyete modèn lan pran plezi preche. Kijan Kretyen an dwe reyaji devan dosye sa yo ? Èske Kretyen an sipoze pa gen bonjou ak moun ki mare nan peche sa yo ? Èske nou dwe gade yo anba ? Èske nou dwe apwouve aksyon yo epi asepte moun yo jan yo ye a ? Anpil

vwa ap pale pou fè Kreyen an asepte kalite konpòtman sa yo kòm si li pa anyen.

Pawòl Bondye a pale klè sou kijan nou dwe aji devan peche epi devan pechè. Nou deja wè nou anba obligasyon pou n' touye peche sa yo ansanm ak tandans sa yo lakay nou. Se bagay ki pa dwe prezan nan mitan nou ditou ditou. Apòt Pòl te ban nou yon egzijans nan 2 Korènt 6.17 : « ***Se poutèt sa, Bondye te di nou : Sòti nan mitan moun sa yo. Pa mele ak yo. Pa manyen anyen nou pa dwe manyen. Lè sa a, Mwen menm, M'a resevwa nou.*** » Pi devan li di konsa : « ***...Ann kenbe kò nou ak nanm nou nan kondisyon pou n' sèvi Bondye ! Ann voye tout bagay ki ka wete nou nan kondisyon sa a jete ! Ann chache viv apa pou Bondye ! Ann viv nan krentif Li !*** » (2 Korènt 7.1).

Men, Bib la anseye nou pou n' demontre Lespri Kris anè sila yo ki mare nan peche sa yo. Nou vle demontre amou anè moun ki ap viv kalite vi sa yo. Nou vle yo wè kè Jezi a. Jezi te vini sou latè kòm yon doktè pou ede maladi yo, pou geri blese yo. Li te zanmi ak pechè (Matye 11.19). Jezi pa t' janm apwouve okenn peche, men Li te renmen sila yo ki te antere nan bagay kwochi. Li pa t' janm pale lèd avèk pechè yo. Li pa t' rayi yo.

Menm jan ak Jezi, nou dwe renmen pechè yo epi montre yo nou vle ede yo. Ni moun ki nan adiltè, ni moun ki vòlè, ni moun ki touye moun, ni moun ki nan omoseksyalite, yo tout dwe santi nou renmen yo kòm moun Bondye te kreye. Fòk yo konnen nou pa rechte yo. Se pou yo konprann nou anvi ede yo chape nan peche avèk èd Kris la. Nou posede yon mesaj espwa pou chak moun ki nan peche. Jezi ofri padon. Li ofri netwayaj. Li ofri nouvo vi. Li ofri amou. Epi legliz Jezi a asepte moun poutèt travay Jezi ap fè nan lavi yo.

(n'ap kontinye ansèyman sa a nan pwochen edisyon)



Yon moun montre li se kreyen toutbon
lè lavi li manifeste bon kalite Kris yo.

OU PA TANDE BRI A ?

« M agdala ? Non mwen se Jakòb. Mwen vin wè ou. Kijan ou ye ? » Mwen t'ap fè tout efò pou m' byen abòde ti granmoun lan. Li te nan papòt kay li, epi mwen t'ap fè sa pou m' antre vizite li. Li te parèt djanm pou yon dam ki te genyen tout laj li te genyen an.

« Aaa ! Mwen byen grasa Bondye... sitou lè ou konsidere mwen genyen san twa (103) lane sou tèt mwen. » Vwa granmoun lan te sonnen fò, se paske li te prèske soud. Li t'ap kontinye : « Pou byen di ou, mwen te manke mouri twa (3) ane pase. Se Senyè a ki te geri m', epi men mwen ! » Li te leve dwèt li anlè pandan li te site non Senyè a. Kounyeya li te lonje dwèt li sou mwen menm avèk zanmi m' yo ki te bò kote m'. Granmoun lan te rete byen serye pandan li di : « M' la pou yon sèl rezon : pou ede ou. M' la toujou pou m' ka ede moun tankou nou menm epi tankou fanmi m' yo pou yo konnen Bondye. Se poutèt sa Bondye kite m' isiba toujou. » Pandan li te fin pale li t'ap fè jès sou pitit gason l' ak pitit fi l' ki te nan kay la bò kote li.

Mwen t'ap kouri reponn li paske sanble li te anvi tonbe pale ankò. Mwen di : « Men wi, madanm. Se sèten Bondye mete ou la pou yon rezon. Nou vini jodi a pou n' chante pou ou, pou n' fè kè ou kontan. »

Frè Oska ansanm ak madanm li epi kat (4) pitit li yo te avanse pi pre papòt kay la pou yo te ka chante pou granmoun lan. Madanm mwen te ansanm avèk yo tou.

Sanzatann granmoun lan te lage l' sou chèz li a ki te nan papòt la. Li pwomennen je l' sou nou tout ki te vin vizite li. Je gri li yo te retounen rete sou mwen menm ankò. Apre sa, li te leve toude bra li yo anlè. Li di : « M' konnen poukisa m' la toujou ! Se poutèt tout bagay k'ap rive nan jou sa yo. M' konnen byen poukisa m' la toujou ! » Li t'ap fè jès ak ponyèt li yo pou montre nou li t'ap pale sou anpil bagay.

Mwen te di l' konsa : « Enben di m' non. Kisa k'ap rive nan jou sa yo konsa ? » Se pa ti anvi mwen te anvi tandè sa madanm lan te vle pale a. Mwen te gentan mete nan tèt mwen se yon bèl istwa li tapral rakonte.

Je l' yo t'ap danse ak kontantman plis pase anvan. Apre sa li tonbe pale kòm si

OU PA TANDE BRI A ?

mwen te dwe konnen sa l'ap di a : « Ou poko tande ? Ou pa tande bri a k'ap kouri ? » Yon lòt fwa ankò li te leve bra l' yo anlè pou fè n' konnen li t'ap pale sou lemond antye. Lè sa a, li te kontinye pale ak yon ti vwa byen serye : « Ou pa tande sa k'ap pase vre ? Ou pa tande l' ? Bri a rive lwen ! Fen lemond pwòch ! »

Mwen te kouri gade madanm mwen pou wè si l' te kapab ede m'. Dyalòg la t'ap avanse nan yon wout mwen pa t' prevwa. Se kòm si mwen te sipoze rekonesan paske granmoun lan te chape anba lanmò pou l' te kapab ede mwen konprann yon bagay. Se nan moman sa a madanm mwen te fè m' voye je m' sou pitit fi granmoun lan. Li t'ap fè yon jès pou fè nou konprann granmoun lan kòmanse pèdi tèt li. Sa te fè m' souri. Kounyeya m' te konprann. M' te fè yon ti bak, epi Frè Oska te

kontinye dyalòg la. Mwen t'ap kalkile. *Se posib granmoun lan ap depale.*

Frè Oska te di granmoun lan konsa : « Mwen se pitit Fabyo. » Apre yon ti eksplikasyon, granmoun lan te vin konprann Oska se te fanmi li. Oska di : « Nou vle chante detwa chan pou fè kè ou kontan. »

Magdala te dakò. Li di : « Se byen sa. Men, fòk se chan Bondye yo ye. M'ap tou di ou, si se pa chan ki pou Bondye, m' tou pa dakò. Jamè ! Nou dwe separe nou ak bagay ki sal yo. Nou pa dwe asepte yo. Bondye pa dakò. Epi, ou konnen ? Nou nan dènye tan yo. Fen an pa lwen. Lè sa nou pral wè sa moun yo pral fè. Y'a gentan wè sa ki rive yo. Bondye va pini yo rèd. » Pou mete fen nan ti mesaj li a, madanm lan te lonje dwèt li atè pou montre ki kote moun yo pral souffri pinisyon yo a.

Nou tout te chita sou chèz pitit fi granmoun lan te ranje pou nou. Apre yon ti



OU PA TANDE BRI A ?

dyalòg avèk pitit gason an epi pitit fi a, nou te chante plizyè chan pou Magdala. Apre sa Frè Oska te dirije nou nan lapriyè.

Sanble Magdala te apresye chan yo. Lè n' te fini, li te pran pale ankò : « Ou konnen sa k' pase ? M' renmen jan timoun sa yo abiye ! » Avèk dwèt li, li te fè n' konnen li t'ap pale sou timoun Oska yo. « Jounen jodi a, lemonn tè anba. Chak jou ou tandè plis bagay. Moun te konn abiye byen alepòk, men kounyeya se gagòt nèt ! » Se lè sa a mwen te remake rad granmoun lan se te rad lontan. Wòb la te byen long. Pitit fi Magdala a t'ap souke tè li pou montre li te dakò ak sa manman l' t'ap di.

Mwen te gentan konprann peyi Nikaragwa alepòk se te yon peyi lòd li te ye. Granmoun yo toujou renmen plenyen sou kijan moun chwazi abiye mal jodi a. Alepòk, fi pa t'ap janm mete pantalon ni jip kout. Fanm te gen respè pou mari yo. Timoun pa t'ap oze ouvri bouch yo pou deranje granmoun k'ap pale. Salitasyon alepòk se te bèl bagay. Pou yon timoun salye yon granmoun, li te mete men l' ansanm devan li kòm si li t'ap priye, epi li di : « *Santito.* » Lè sa granmoun lan ta reponn avèk : « Bondye beni ou ! »

Nan tout peyi Nikaragwa se te menm bagay la. Televizyon te antre nan zòn andeyò yo anviwon ven (20) ane pase konsa. Depi lè sa a, bagay yo chanje. Yon nouvo mantalite vin pran peyi a. Sosyete a te vin jete pakèt prensip moral yo ki te bon pou jenerasyon ki pase yo. Moun ki aje yo plenyen paske nouvo jenerasyon an pa tandè yo lè yo pale—yo distè nan telefòn osinon yo gen kas nan toude zòrèy yo. M' te dakò avèk Magdala sou pwèn sa a. Bri a t'ap rive pi lwen chak jou !

Oska te vole leve sou chèz li a. Li lonje men l' sou lavil la. Li di : « Sa madanm sa a di se verite ! Moralite lemonn ap brize. Nou pa t' konn wè fanm ki abiye jan nou wè yo abiye jodi a. Jenn yo pa gen respè pou paran yo ankò. Pi mal toujou, kounyeya ou kapab chita bò kote yon moun epi ou pa konnen si se gason li ye osinon si se fanm ! Nou prèske tankou Sodòm e Gomò, epi nou tout konnen kisa ki te rive yo. Dife te sòti nan syèl la vin boule yo. Se pou Senyè a ede nou ! »

Ti granmoun lan te souke tè li pandan li t'ap chita koute nan papòt kay li a.

OU PA TANDE BRI A ?

Sanble li te kontan paske li te remake se pa li menm sèl ki te konn tande bri a. Lòt moun yo t'ap tande l' tou.

Pitit fi Magdala a te fè nou konnen pa gen lontan depi Magdala te kite kay yon lòt pitit li pou l' vin rete kote l' ye a kounyeya. Li pa t' vle wè yon mechan ki te nan lòt kay la. Granmoun lan te pwofite pale ankò.

« Mwen te rete lakay pitit fi m', e yo te pote manje ban mwen. Manje a te bon. Li te anfòm. Te genyen vyann. » Oska te mache pou l' rive pi pre granmoun lan pou l' te ka ba li tout atansyon l'. Magdala di : « M' te fè yo konnen mwen p'ap manje vyann yo mete nan manje a paske li sòti nan dyab la. Se vre vyann lan te gou ! Men mwen pa t' vle manje li. Mwen pa t' vle rete la ankò. Se dyab la ki fè yo jwenn vyann sa yo. Mwen pito rete nan yon kay kote mwen kapab an pè. »

Lè n' te fin kite kay la apre yon ti tan ankò, Oska te eksite pou l' esplik : « Jakòb ! M'ap di ou yon bagay. Se posib madanm lan kòmanse pèdi tèt li vre, epi pou bagay materyèl nou tou wè panse li yo pa fin dwat, men li klè sou reyalyte esprityèl yo ! Ou wè ? Pitit fi li a, kote li te rete oparavan an, yo vann kleren. Magdala konnen se avèk kòb kleren an yo achte manje. Se konsa li di se dyab la ki fè yo jwenn manje. Kay sa a te gen tout kalite dezòd. M' pa sezi li pa t' vle rete ! »

Mwen te reponn : « Aaa ! Sa fè sans. Se kòm si li pa fin sansib pou bagay materyèl ankò, li pa wè byen li pa tande byen. Sepandan, li rete byen sansib pou mond esprityèl la. Li santi gwo tenèb la ki antoure nou tout. »

Jou swa sa a mwen menm ak madanm mwen te chita sou yon bwat devan lakay nou an. Nou t'ap obsève tout moun ki t'ap pase nan lari a. Jenn t'ap pase pou yo ale nan tèl randevou. Gason t'ap pase pou yo al bwè ansanm. Genyen ki te pase sou cheval. Genyen ki taprale nan sèvis legliz. Men, nou te santi pifò nan yo pa t' tande bri a. Yo pa t' konn anyen sou tenèb ki te antoure yo a.

Mwen te di madanm mwen konsa : « Mwen pa konnen pou ou menm, epi petèt mwen kòmanse pèdi tèt mwen tou, men pou di vre, m' santi granmoun lan gen rezon. Bri a ogmante dejouwanjou. Si m' rive nan tout laj sa yo, m' panse m'a gentan

ap pale fò tou pou fè moun tande m'. Èske pa genyen anyen nou ka fè ? Kisa n' te ka fè anplis ? Èske nou deja ap fè tou sa n' kapab pou n' sove nanm moun anba pini-syon k'ap vini an ? Tout bagay t'ap chanje si moun te kòmanse chache Bondye. M' santi tenèb la deranje m', menm jan ak Magdala. Solisyon an se pou lòm soumèt tèt li devan Jezi Kris. Dèske nou genyen sekirite nan Syèl la ansanm ak Bondye, sa a se yon bagay presye li ye. Men, sitèlman genyen anpil moun ki PA genyen sekirite sa a. Kisa nou te ka fè pou plis moun toujou fè esperyans avè l' ? »

—P. J. Yoder




Aktivite Timoun

REPONS

1. « ...Men, se sa ou vle a ki pou fèt, pa sa mwen vle a. »
2. « Paske, tout moun ki fè sa Bondye mande yo fè, se moun sa yo ki frè m'... »
3. « Vin etabli gouvènman ou lan. »
4. « Jijman Mwen bon paske sa M'ap chache fè a se pa sa M' vle, men sa Moun ki voye M' lan vle. »
5. « Men sa Papa m' vle : Tout moun ki...kwè nan li, se pou yo gen lavi ki p'ap janm fini an. »
6. « ...Li pa ta renmen pèsonn peri... »

SEKSYON PARAN



Disip Jezi Kris

Rankin e Padon

Leson 9d

Si nou padonnen moun lè yo fè nou mal, Papa nou ki nan syèl la va padonnen nou tou. ¹⁵Men, si nou pa padonnen moun lè yo fè nou mal, Papa nou p'ap padonnen peche nou nonplis. Matye 6.14, 15.

OBSÈVASYON #10 : Sila yo ki te resevwa padon dwe padonnen.

Jezi te fè pwen sa a klè avèk yon parabòl (Matye 18.23–35). Yon nonm ki te resevwa padon pou yon gran dèt pa t' gen pitye pou yon kanmarad ki te dwe li

yon ti dèt piti. Jezi te vle montre ke Papa nou ki nan syèl la gentan padonnen nou pou yon dèt nou pa t' janm kapab peye. Nou te san sekou anba peche nou yo ki te tankou yon montay, epi Bondye padonnen nou grasa lanmò pitit Gason Li a. Sa ki pi bèl toujou, Li ban nou pwomès lavi etènèl nan prezans Li. Nou menm ki delivre pamwayen gran mizèrikòd e gras sa a, si nou sòti al peze yon moun ki fè kichòy kont nou, n'ap aji tankou sèvitè san pitye a nan parabòl sa a—n'ap toufe yon kanmarad pou detwa dola aprè nou menm nou fin jwenn padon pou plizyè milyon. Repons mèl la fè nou wè anndan kè Bondye nan yon ka konsa. Pou Bondye, yon atitid san pitye konsa pa va resevwa mizèrikòd.

Sa Jezi di a byen klè. Moun ki pa padonnen youn lòt pa va jwenn padon nan men Papa a. Nou ka pwoteste. Nou ka plenyen. « Èske Bondye pa bliye peche nou yo nèt ? » « Kòman Li kapab pote yo tounen kont nou ankò ? » Men alafen, sa Papa a fè avèk peche nou yo se pa zafè pa nou. Nou menm ki jwenn padon, Li kòmande nou pou nou padonnen.

Kesyon Pou Etid

1. Ki avètisman Jezi te bay aprè Lapriyè Seyè a (Matye 6).
2. Nan parabòl sèvitè san pitye a, konbyen lajan sèvitè a te dwe mèl li a ? Ki demann li te fè ? Ki repons mèl li a te fè li ? Konbyen dezyèm sèvitè a te dwe kanmarad li ? Ki repons kanmarad la te fè li ? Kòman lòt sèvitè yo te santi yo ? Ki repons mèl la te bay ?
3. Nan ki sans nou tout sanble avèk premye sèvitè a avèk dèt li pa ka peye a ?
4. Kisa Papa nou ki nan syèl la te fè pou nou ?
5. Nan ki sans nou sanble avèk premye sèvitè a lè nou pa padonnen youn lòt ?
6. Ki pwotestasyon nou ka santi nou ta fè konsènan jan parabòl sa fini (sèvitè a pèdi padon) ?
7. Si yon moun ta remake li menm jan ak sèvitè ki pa bay padon nan parabòl sa a, ki etap li dwe pran pou li jwenn padon ?

METE LEKRITI AN PRATIK

1. Èske kòlè se yon pwoblèm pou ou ? Avèk ki kalite kòlè ou lite plis ?

Kòlè eksploze (kote ou eklate yon ti kadè) ? Kòlè kache (kote ou rete ap bouyi) ? Kòlè iritasyon (kote tout ti bagay deranje ou) ? Mekontantman (kote fè kòlè se yon plezi pou ou) ? Esplike kòman ou ap lite. Èske ou gentan rive nan kèk sityasyon ki te difisil pou ou asepte ? Esplike yo. Avèk kisa egzakteman ou te lite nan sityasyon an ? Èske ou te konsidere ke Bondye kapab gen yon rezon kifè Li te fè ou pase anba sityasyon sa a ? Èske sa chanje jan ou wè sityasyon an ?

2. Èske gen moun ou te rankinye kont yo nan tan pase ? Ki atitud ou koulyeya konsènan moun sa yo ? Si ou santi ou padonnen yo, sou ki baz ou kanpe pou santi ou padonnen yo ?
3. Si ou konsyan ou gen rankin nan lavi ou, konplete sa yo :
 - a. Esplike tout sityasyon an sou papyè. Rakonte sitou kòman ou santi yo te fè ou tò.
 - b. Mete dosye sa devan Seyè a nan lapriyè, e mande Li montre ou kèk nan rezon Li te kite ou pase anba sityasyon sa a.
 - c. Fè lis rezon sa yo anmezi ke ou yo. Chache jwenn 10 pou pi piti.
 - d. Ekri yon lèt bay Seyè a kote ou ba Li libète pou Li fè tout bagay sa yo nan lavi ou ansanm ak nenpòt lòt ke ou pa t' panse.
 - e. Kòmanse yon etid Biblik, chache tout vèsè ki asire ou ke Bondye Toupisan e ke Li bon anvè pitit Li yo lè yo nan eprèv. Gade pou wè si ou kapab jwenn yon moun nan Bib la ki te fè fas avèk sityasyon sanblab. Etidye lavi moun sa a jistan ou aprann tou sa Seyè a vle anseye ou (Gade Women 15.4).
 - f. Fè yon lis kote ou site tout moun ki te afekte pa rankin pa ou. Itilize lis sa a kòm yon lis lapriyè chak jou. Anvan ou lapriyè, poze tèt ou kesyon sa : Kòman Jezi ta lapriyè pou moun sa yo ? Chak fwa ou priye, swiv modèl sa a.
 - g. Si genyen moun sou lis sa a ou te ofanse avèk rankin ou, pran desizyon pou netwaye konsyans ou. Premyèman, konfese tout atitud ou genyen ki se peche yo ye. Aprè sa, konfese tout fason ou te demontre move atitud

(Kontinye nan paj 20)

ISTWA BIBLIK

TI GASON JEZI NAN TANP LAN

Okipe Zafè Papa Li

Bib la prèske pa pale nou sou aktivite Jezi lè Li te timoun. Èske ou panse Li te obeyi-san epi sansib pou paran Li yo ? Oubyen èske Li te plenyen lè Li t'ap travay rèd ?

Mari, manman Jezi a, pa t' janm bliye sa zanj Gabriyèl te di li. Li te konnen ke Jezi te bezwen konnen Pawòl Bondye pou Li vin saj epi pisan. Konsa li te rakonte Jezi istwa pèp Bondye a. Jezi te aprann istwa Adan ak Èv, gwo batiman Noe a ak fidelite Abraram, Izarak ak Jakòb. Li te anseye Li sou Moyiz e jan Bondye te bay li Dis Kòmandman yo. Li te koute istwa ewo tankou Jedeyon, Jozye, David, Danyèl ak Eli yo. Jezi te renmen istwa sa yo, menm jan ak timoun jodi a.

Yon jou prentan, Mari, Jozèf ak Jezi te ale Jerizalèm pou asiste fèt Delivrans lan ki te fete chak anne. Lè sa a Jezi te gen douzan. Nan epòk sa a, depi yon ti gason Jwif te gen douzan, yo te konsidere li kòm yon jenn gason.

Lè yo te rive nan lakou tanp lan, Jezi te etone. Li te wè machann ki t'ap vann mouton ak pijon pou sakrifis byen chè. Moun ki t'ap chanje lajan t'ap fè gwo diskisyon. Moun rich t'ap fè moun wè yo pandan yo t'ap lage lajan nan bwat ofrann lan. Moun pòv te dwe tann pou yo sèvi yo poutèt yo te pòv. Tout « adorasyon » yo a te sanble yon woutin san sans. Pèp la pa t' montre ke yo te regrèt peche yo.

Men lè Jezi te jwenn kèk pwofesè nan tanp lan, kè Li te ranpli ak kontantman. Kounyeya Li te kapab diskite ak mesye save sa yo sou Bib la.

Aprè sèt jou, fèt la te fini. Mari ak Jozèf te mete tèt yo nan direksyon pou retounen lakay ankò. Nan kòmansman vwayaj la yo te panse ke Jezi te ak kèk moun nan foul la. Men lè yo te chache Li epi yo pa t' jwenn Li, yo te retounen Jerizalèm. Apre twa jou yo te jwenn Li nan mitan pwofesè yo nan tanp lan. Li t'ap poze yo kesyon epi t'ap reponn kesyon yo. Mari te mande Jezi : « Poukisa ou te fè nou tout enkyete konsa ? »

Jezi te reponn : « Èske nou pa konnen ke Mwen dwe okipe zafè Papa Mwen ? » Sa se premye pawòl Li ki ekri nan Bib la.

Jezi te retounen lakay Li ak paran Li yo epi Li te obeyi yo.

Lik 2.39–52



Ti gason Jezi ap diskite Pawòl Bondye ak pwofesè yo nan tanp lan.

***Se nan Li tout richès ki nan bon konprann ak konesans Bondye a kache.
(Kolosyen 2.3)***

1. Poukisa Jezi ak paran Li yo te ale Jerizalèm ?
2. Ki kote Jezi te ye lè paran Li yo te jwenn Li ?
3. Kisa ki se premye pawòl Jezi ki ekri nan Bib la ?

Itilize avèk pèmasyon :

Christian Aid Ministries, Berlin, Ohio

Atik sa a sòti nan : 101 Pi Bèl Istwa Nan Bib La © 1994

sa a. Si l' posib, ou ka deklare tou senp sa Seyè ap aprann ou. Remake byen : Piga ou seye pran etap sa a toutan ou pa asire ke Seyè a gentan derasinen rankin ou nèt. Se sèlman si rankin lan derasinen deja ou kapab gen posibilite pou netwaye konsyans ou san ou pa chache fè lòt moun lan pase pou pa bon. Depi ou toujou vle fè lòt moun lan pase pou pa bon, rankin lan la toujou !

5. Èske paran ou yo te genyen kèk karaktè ki te vrèman irite ou—ou te deside pa fè bagay sa yo ou menm ? Evalye devan Seyè a si se panse negatif ou t'ap pouswiv. Si ou rekonèt ou t'ap fè sa, mande Li montre ou kòman pou chanje lide ou. Ou pa sipoze ap lite pou ou pa viv tankou paran ou yo. Men pito, se pou ou lite pou ou viv tankou Kris. Se sèl Kris ki kapab delivre ou e fè ou sòti nan konsantrasyon negatif.
6. Si ou konnen yon moun ki gen rankin, ki pi bon fason ou ka ede moun sa a ? Èske genyen sityasyon ki fè nou pa kapab ede yon moun avèk yon pwoblèm ?
7. Èske ou janm obsève sityasyon kote kòlè yon jenerasyon te kontinye nan lòt la ? Pou plis etid sou sa, gade kèk evènman nan tan wayòm Izrayèl la te sòti nan men Sayil ale nan men David. Sayil te simen semans rankin ki te parèt plizyè lane pita.

(liv sa a va kontinye nan pwochèn edisyon an)

—John Coblenz

Itilize avèk pèmisyon : Christian Light Publications, Inc

Harrisonburg, VA Ozetazini

Tout dwa rezève



ISTWA MATI YO

Batèlmi – Lane 70 Apre Kris

Batèlmi se yon non ki vle di « pitit gason Tèlmi », epi Batèlmi se te yon moun Galile li te ye menm jan avèk tout lòt disip Jezi yo. Selon yon ansyen ekriven ki te rele Teyodoretis, Batèlmi se yon pechè pwason li te ye. Men, genyen lòt moun ki di Batèlmi te fèt nan yon ras wayal, wa peyi Siri a te tonton l'.

Bib la pa pale anpil sou Batèlmi. Nou konnen li te resevwa apèl pou li preche Bòn Nouvèl Jezi Kris la nan tout Jide epi nan tout Galile menm jan ak lòt apòt yo. Apre rezirèksyon Kris la, li te jwenn konfimasyon kòm apòt ankò. Menm jan avèk lòt yo ki te nan travay la, Batèlmi te resevwa Sentespri a. Matye 10.3 ; Mak 3.18 ; Lik 6.14,15 ; Travay Apòt Yo 2.1–5.

Apre apòt yo te separe youn ak lòt, Batèlmi te travay premyèman nan Lisayoni, apre sa nan peyi Siri a ak nan nò kontinan Azi a. Apre sa, li te travay nan peyi Lend. Batèlmi te antre nan peyi Lend avèk yon kopi Liv Levanjil Matye a, epi li t'ap sèvi avè l' pou montre moun Lend yo Pawòl Bondye a nan lang pa yo. Selon ansyen dokiman yo, yon mesye ki te rele Pantenis (li te yon pwofesè pou Aleksann) te jwenn liv la kèk syèk apre Batèlmi te gentan mouri. Se te pou Batèlmi liv la te ye alepòk. Pantenis te jwenn li lè l'te rive nan lokalite kote Batèlmi t'ap travay la. Pantenis te pran liv la ale avè l'.


Alafen, Batèlmi te gaye Bòn Nouvèl Kris la nan Gran Ameni sitou nan vil Albani (oubyen Albanopolis), kapital peyi a epi baz wayòm Poleno a (yo rele Palemonyo). La te genyen yon wa ki te rele Wa Astyaje. Li te genyen yon frè. Batèlmi rive menmen frè a konvèti nan lafwa Kreyen ansanm ak Madanm li ak twa (3) pitit li yo.

Dayè, selon lòt ekriven, Batèlmi te delivre nenpòt douz (12) vil nan zòn sa yo anba sèvis zidòl. Li te montre yo chemen Jezi Kris la. Moun yo nan zòn sa yo te konn sèvi Satan pandan yo te adore yon zidòl yo te rele Astate. Prèt ki t'ap sèvi Astate yo te vekse poutèt ansèyman Batèlmi yo. Yo te al plenyen devan Wa Astyaje.

Wa a te fè yo arete Batèlmi mennen l' devan li.

Batèlmi te kanpe devan wa a vre. Wa a te pale sevè avèk li. Li di li gentan pèvèti lide frè l'. Li di li deranje sèvis bondye yo nan peyi pa l' la. Alafen, wa a te deklare l'ap fè touye Batèlmi si li pa sispann preche Kris, si li pa fè sakrifis pou bondye pa li yo.

Lè Batèlmi te pale pou adrese akizasyon yo, li deklare se pa pèvèti li te pèvèti lide frè a, okontrè se konvèti li te konvèti l'. Batèlmi di l'ap preche vrè adorasyon pou Bondye nan tout peyi a. Li deklare li ta pito sele temwanyaj li a avèk lanmò pase pou




li jete lafwa li osinon aji kont kon-syans li. Wa a te bay lòd pou yo bat Batèlmi byen bat, pou yo pandye l' sou yon kwa tèt anba, pou yo dechire kò li pandan li tou vivan, epi pou yo

koupe tèt li ak yon rach. Yo te fè sa konsa. Batèlmi te kontre avèk Kris, Senyè li a.

Genyen lòt temwen ki di santans wa a se te pou yo annik dechire kò l' pandan li te sou kwa a san afè koupe tèt la pa t' ladann. Men, dapre temwen sa yo, lè yo te fin dechire kò li, Batèlmi te vivan toujou. Li t'ap egzòte pèp la pou yo konfye Kris. Se sa k' fè yo te koupe tèt li, pou anpeche li pale toujou. Li te gentan lage lespri li nan men Bondye deja.

Istwa sa a sòti nan yon liv ki rele *Martyr's Mirror (Glas Mati yo)*.





CHEMEN LI TE CHWAZI A

Laj Lajennès
Chapit 2a

« **M**anman, m' kontan mwen kapab rete lakay ansanm avèk ou e timoun piti yo ankò ane sa a ! » Sara te genyen lajwa nan kè l' vre. Se te premye jou lekòl la li te ye pou lòt timoun yo. Sara di : « Yon sèl bagay, m' regrèt mwen pa ka wè kanmarad mwen yo. »

Lora, Jak, ak Lwiza te derape nan wout la pou yo ale lekòl. Sara t'ap kenbe Ti David nan bra l'. Li leve l' anlè nan fennèt la pou li te ka voye men bay timoun yo. Lwiza tapral kòmanse Premye Ane. Lè l' vire tèt li pou li gade Sara ak David nan fennèt la, sa te pouse Sara sonje jou a lè li te kòmanse Premye Ane li menm.

Sara t'ap panse : *Lwiza yon ti jan pè moun. Mwen byen kontan li genyen gran frè l' ak gran sè l' pou ale ansanm avèk li jodi a. Sa te difisil pou mwen premye jou a. L'ap pi mal pou Lwiza. Li tèlman timid.*

Sara te pran yon moman pou l' fè yon ti pale ak Rit pandan li pase bò bèso a. Li te byen kontan lè ti bebe a te leve kanpe lonje bra l' pou Sara pran l' nan men l'. Li pran l' vre.

Sara te kòmanse enstwi David : « Fèt atansyon, David. Fòk nou pridan avèk ti bebe a. Li tèlman piti. » Sara te pran men David. Li montre l' kijan pou li manyen bebe a tou dousman. « Konsa. Konsa. Fè konsa. Fòk ou aprann kijan pou ou aji ak yon tibebe. » David te kontan pandan li t'ap touche ti vizaj Rit la ki te genyen yon koulè woz. Rit t'ap souri tou.

David di konsa : « Yon jou l'ap gwo. L'ap kapab jwe ansanm avè m'. Lè sa l'ap jwe avèk jwèt mwen yo, epi m'ap pote l' sou do m' menm jan Papa konn fè sa pou mwen. »

Sara te oblije ri. Li di : « Ou renmen ti sè ou anpil, pa vre ? »

Sara t'ap panse : *Lè Rit genyen ase laj pou li monte sou do David, l'ap twò lou pou David pote li byen. Men, David poko konprann sa. Sa ki enpòtan, se pou l' aprann ale dousman ak tibebe a, pou li renmen l' epi bay li afeksyon.* Sara te ranje planch repase a yon fason pou Rit te kapab wè li epi pou li te kapab pale ak manman l' pandan li repase.

Manman te okipe nan fè pen. Pil rad la te gwo pou Sara repase. Yo toude t'ap chante ak kè kontan. Yo te plen ti kay la avèk bèl melodi pandan yo t'ap travay. Tibebe a t'ap okipe tèt li alèz. Tanzantan li te voye je l' anlè pou li swiv Sara pandan li vire rad yo sou planch repase a. Pa twò lwen yo, David t'ap jwe atè a avèk yon seri ti blòk bwa. Li te konstwi yon depo pou l' sere bèt imajinè li yo. Se te yon sèn byen pezig. Jou maten sa a te pase rapid pou tout fanmi Yodè a.

Lè Papa te antre nan kay pou l' manje manje midi, Manman te di konsa : « Ala kontan mwen kontan dèske premye pitit fi m' lan nan kay la avè m' ! » Papa te souri pou montre li satisfè tou. Sourti a te plen kè Sara avèk lajwa. Li te bese tèt li paske li te vle rete enb devan lwanj paran li yo.

Papa di konsa : « Mwen kontan ou pa pou kont ou nan travay yo ankò. Anvan Sara te kite lekòl la, mwen te toujou boulvèse paske m' konnen ou bezwen èd nan

kay la. Men, pou n' jwenn yon moun pou n' peye vin travay pou nou, sa twò difisil. Anpil nan jenn yo ap travay nan izin yo kote yo ka touche pi gwo lajan. »

Manman te souri pandan li reponn : « M' konn sa. Men, Sara te toujou la pou ede m' lè m' te pi bezwen li. Paske nou te manke lajan nan jou sa yo, menmsi nou te jwenn yon moun pou travay isi a, nou pa t'ap ka peye l' byen. Pandan n'ap di sa, li ta bon pou ou si ou ta genyen yon moun pou ede ou nan travay pa ou yo tou. »

Papa souke tèt li pou montre li dakò. Li di : « Jak bay bon sèvis kounyeya dèske li aprann tire lèt bèf yo. Epi, malgre li genyen dis (10) ane sèlman, depi ane pase m' wè li degaje l' nan rara tè avèk chwal yo. Epi Lora pran swen poul yo byen. » Lè sa, Papa te voye je l' lòt bò tab la kote David t'ap chita. Papa di konsa : « Talè David pral kòmanse ede nou avèk ti bèf piti yo ansanm ak yon seri lòt travay ankò. »

David te souri pandan li fin netwaye asyèt la ki te devan l' lan.

Manman te byen kontan ajoute yon lòt lide ankò : « Malgre David genyen dezan (2) sèlman, li deja kòmanse itil mwen isi a nan kay la. Gen plizyè ti travay m' kapab ba li fè pou mwen. »

Touswit apre yo te fin manje ansanm, Sara te netwaye tab la. Li te jere manje ki te rete yo. Li te lave veso yo. Pandan li t'ap fè sa, Manman t'ap prepare David ak Rit pou yo fè yon ti dòmi. Papa te fè yon ti kabicha tou piti sou kanape a anvan li te retounen al koupe mayi. Lè Papa te leve, Sara te gentan retounen nan afè repase rad.

Pandan Papa t'ap mache rive nan jaden an, li t'ap kalkile kèk bagay ak kè kontan : *Sara se yon pitit fi ki bay bon koutmen, epi ki gen kè kontan nan kay la. Li sanble ak manman l' anpil.* Selon koutim Papa, depi li t'ap reflechi sou youn nan pitit li yo, li tou pwofite priye pou pitit sa a. « *Papa nou ki nan syèl la, mwen di Ou mèsè pou Sara. Kenbe l' pou li toujou fidèl pou Ou. Gide li. Pwoteje li kont pèlen yo ki mete nanm nou yo an danje. Se pou li toujou rete yon bon egzanp pou ti piti yo nan jan li fidèl. Beni timoun yo ki nan sal klas kounyeya, ansanm ak ti piti yo ki kouche lakay la ak manman yo.* »

Jou yo epi semenn yo te kouri. Timoun Yodè yo t'ap jwi yon bèl moman tran-kilite. Depi chak moun te jwe wòl pa li a byen, mezon an te dous. Kontantman te renye.

Si bagay yo te rete konsa, li t'ap bon ! Malerezman ! Nouvèl deyò yo pa t' bon.

Tout moun nan zòn Jèmanntawn t'ap swiv. Se pwobab lagè tapral pete anvan lontan. Menm nan ti zòn rekile sa a, nouvèl la te rive yon jou vre. Lemonn antye t'ap fè gè. Rimè te kòmanse rive nan zòn lan. Depi 6 Avril 1917, Etazini te deklare gè kont peyi Almay. Tout moun te oblije poze tèt yo kèsyon. Kisa sa vle di pou ti kominote sa a ki te tèlman viv anpè ?

Pastè legliz la te kontinye preche e anseye ak fidelite : « Devwa Kreyen an se pou pratike lapè ak renmen anvè tout moun. Pa genyen lòt chemen. Nou renmen lènmi nou yo. Nou pa batay kont mechanste. Si yo rele nou pou n' pran lezam, fòk nou pare pou n' souffri. Nou p'ap pran lezam. »

Jou a te rive kote gouvènman an te kòmanse rele jenn yo nan legliz la pou yo antre nan lame a. Pandan yon premye tan, moun yo te ka peye twasan (300) dola pou yo pa enskri. Genyen lòt ki te voye moun nan plas pa yo. Men, aprè kèk tan, frè legliz yo te vin konprann sa pa bon pou yo peye yon lòt moun fè sa yo pa dakò fè. « Li pa bon pou n' peye yon moun deyò al fè gè nan plas nou. Se kòm si nou te ale nan batay la tou. »

Aprè sa te vin genyen lòt pwoblèm ankò. Dabò, gouvènman an te kòmanse ofri yon seri garanti pou vann. Yo t'ap vann yo pou yo antre kòb pou egzekite gè a. Men pi devan, yo te pase lòd fòk moun yo achte garanti sa yo. Yon lòt fwa ankò, poutèt konsyans yo, Kreyen yo te oblije di yo pa kapab patisipe nan bagay konsa. Se konsa moun deyò yo te kòmanse gade Kreyen yo kòm trèt.

Pandan gè a te kontinye, e pandan plis gason te ale nan batay, gouvènman an te kòmanse pa vle tandè moun ki di yo pa ka fè lagè poutèt kwayans yo. Donk, genyen nan Kreyen yo ki te reziyen yo al enskri pou lame a. Men genyen lòt ki te kache.

Yon bon jou aprè Sara te fin fè travay li yo, li te jwenn manman l' ap kriye. Li di : « Sa k' genyen, Manman ? » Li te enkyete.

Manman te ennève. Li reponn : « Papa ale. »

« Kote l' ale ? »

« Mwen pa konnen. »

Sara te konnen moun yo te deja dèyè papa l' pou yo enskri li pou lame a. Papa prèske pa t' konn pran lari ankò poutèt sa. Moun nan vwazinay la te deranje paske jenn yo nan legliz la pa t' al enskri pou yo antre nan batay tankou lòt jenn yo nan

zòn lan. Yo te maltrete kèk nan yo. Genyen yo te kenbe epi lage penti koulè jòn sou tout kò yo. Se yon koulè ki senbolize kapon. Yo te vle fè tout moun konnen Kretyen pa ale nan batay paske se kapon yo kapon konsa.

Sara te konnen tout bagay sa yo. Men li pa t' mete nan tèt li bagay la tapral frape lakay li. Kounyeya sa te vin chanje.

« Men, ki kote Papa ye menm ? Èske li gen pwoblèm ? » Sara t'ap pèsiste.

Manman reponn : « L'ap kache. Men mwen pa konnen kibò. Li te wè detwa nonm ki t'ap mache vini. Li pase nan pòt dèyè a. Li di m' li te deja pare yon kote pou li kache, men piga mwen konnen l'. »

Tèt Sara a t'ap vire. Li tonbe pale : « Kisa moun yo te fè ? Èske yo te wè li sòti nan kay la ? »

« Yo pa t' wè li, non. Yo te annik mande si genyen jenn gason isi a ki gen laj pou yo enskri pou lame a. Mwen di yo non, pa genyen. Yo ale san yo pa di anyen ankò. »

Manman t'ap seche dlo ki te nan je l'. Li leve pou l' fin pare manje. Sara te rete kòm yon estati. Li t'ap kalkile tout chanjman ki t'ap genyen nan kay la dèske papa l' te oblije absan.

Manman te pale pou li eseye konsole premye pitit li a : « Papa te fè m' konnen li p'ap lwen. Li te fè Jak konnen kote li ye, konsa pou n' voye manje ak dlo pou li chak jou. »

Kounyeya, dèske Papa pa t' la, anpil nan travay li yo tapral tonbe sou do Sara. Li te travay ak anpil kouraj. Li fè plis pase sa li te reskonsab fè. Li te nan tire lèt bèf. Li te nan koupe bwa pou fè dife. Se pa ti travay ki te bezwen regle pou kay la te ka mache. Apre lekòl te lage, Lora ak Jak te bay kout men jan yo te kapab. Lwiza t'ap ede Manman andedan kay la.

Jou fredy yo te pase kòmsi yo pa t'ap janm fini.

Nan anpil kay, papa yo ak gwo gason yo te absan kounyeya. Fwaye yo te nan bezwen. Men, sa ki te pi mal pase tout, se te tansyon ki te egziste nan mitan Mennonit yo avèk vwazen yo. Sa te pi mal pase manke manje. Li te rete la ap bouyi anba anba.

Alafen, gè a te fini. Papa yo ak pitit gason yo te retounen ankò vin jwenn fanmi yo. Yo te bouke. Yo te grangou. Papa Sara te retounen nan kay la tou. Li pa t'

genyen bèl koulè. Li te mèt poutèt tout mwa yo li te oblije fè ap kache. Sezon Prentan yo te antre finalman. Moun yo te kòmanse travay tè ankò. Konsa, pou anpil nan moun yo lavi a te prèske retounen jan l' te ye anvan.

Kèk nan jenn yo nan legliz Jèmanntawn lan te kòmanse òganize ti aktivite sosyal. Tansyon ki te la pandan gè a te ale finalman.

Souvan Sara te neglije afè lekti Bib la ak lapriyè. Pou jistifye tèt li, li te mete nan tèt li li pa gen tan pou bagay konsa. Kominyon l' ak Bondye pa t' genyen menm enpòtans pou li ankò. Okontrè, li te twouve plis plezi nan tan li te pase ak zanmi legliz yo osinon nan rankont lajennès.

Sara ansanm ak pi bon zanmi li, Mari, te souvan kache pou pale sou ki gason yo renmen. Se dyalòg konsa tout jenn fi yo nan lekòl la te toujou ap pale, e kounyeya menm bagay la te fofile antre nan mitan gwoup jenn legliz yo tou. Mari te mande Sara pou l' di kilès gason li renmen. Sara pa t' fin genyen yon repons.

Yon jou li te di : « Aaa ! Pa gen okenn gason Jèmanntawn ki enterese m'. Petèt yon jou yon moun espesyal pral parèt. »

Mari te oblije souri. Li di : « Nan rakbwa sa a ? Kote l'ap sòti ? » Se konsa medam yo te konn pale epi reve. Yo t'ap tann jou a kote yo genyen ase laj pou yo fè mennaj. Malerezman, legliz la pa t' wè sijè sa yo pou anyen. Paran yo pa t' swiv jenn yo byen pou konnen kibò tèt yo te ye. Se sityasyon sa a ki te kreye yon atmosfè kote afè renmen an tapral mennen dega pi devan.

Sezon yo te vini, epi sezon yo te ale. Sara te rive sou disetan (17). Li te kòmanse malalèz. Li pa t' satisfè ankò. Kanmenm lavi a se plis pase koud rad, lave rad, repase rad jou apre jou apre jou. Lè sezon fredri a te retounen, wout yo pa t' bon ankò. Aktivite lajennès yo te rete. Sara te pi mal toujou.

Lavi nan fwaye a te vin pa enteresan ankò pou Sara. Se kòm si travay la pa t'ap janm rive bout pou li menm. Tout lòt timoun yo te lekòl. Sara te fè jounen an nan kay la. Li te santi li sèl.

Yon jou nan mwa Janvyè Sara te tonbe plenyen : « Manman, pen m' fè a pa janm sòti byen tankou lè ou fè l'. Pa pito mwen koud epi repase ? Ou mèt fè pen an pito. »

Manman reponn yon ti jan fèm : « Men, Sara, ou dwe aprann fè pen an pi byen. Chak fwa ou fè l', li pi bon. Fòk ou kontinye. »

Sara pa t' ankò vle fin dakò ak manman l' : « Mwen sipoze m' ka aprann vre, men se si rès fanmi an dakò sipòte vye pen pa bon an. »

Manman te souri pandan li ranje planch repase a. Li di : « M' poko tande pèsounn plenyen pou pen ou yo. »

Aprè manje midi a, Sara te pale ankò : « Manman, èske mwen mèt ale lakay Mari Milè ? Pandan anpil jou se sèlman nan legliz la nou kontre. M' anvi pase yon tan ansanm avèk li. »

Manman t'ap kalkile. Li di : « Enben, dèske ou fini ak pen an, mwen panse petèt mwen te kapab voye ou ale. » Se lè sa Sara te touse. Tous la pa t' bèl. Manman di : « E pwoblèm touse a ? Li ta pi bon si ou pa sòti deyò nan fredyè jodi a. Li fè frèt anpil, epi mwen panse nèt ka tonbe apremidi a anvan solèy la kouche. »

Manman te gentan wè kijan repons lan te dekouraje pitit fi li a. Li di : « Pito ou ale yon lòt jou. Mwen konnen ou pa pale ak Mari kèk tan. Epi mwen konnen jou fredyè sa yo long anpil pou ou nan kay la pou kont ou konsa. Ane k'ap vini an, Lora ap kite lekòl la. L'ap la. Ou p'ap pou kont ou ankò. »

Sara tonbe plenyen : « Pito m' te lekòl toujou. Mwen te oblije kite lekòl lè m' te gen trèzan (13). Kòman Lora fè rete lekòl jouk li gen sèzan (16) ? Sa pa bon ! »

Manman te reponn ak pasyans : « Ou konnen poukisa Lora lekòl toujou. Li pa entèlijans tankou ou. Nou santi li bezwen plis tan nan lekòl la anvan li kite. »

Sara te fè tèt di ak manman l'. Li di : « Enben, kite m' al wè Mari non. Sa pa anyen. »

Manman te rete fèm. « Non. Se pa jodi a. » Pou Manman, dosye sa a te fini. Li leve al gade Rit nan bèso a. Rit pete kriye menm moman an.

(N'ap kontinye istwa a nan yon lòt edisyon)

—Mari Milè

Rod and Staff Publishers
(Piblikasyon Baton ak Gòl)



SEKSYON TIMOUN



Kè M' Di Amèn

Manman te tande pòt kay la ouvri. Li te chita dèyè machin a koud li a, men kounyeya li te oblije leve je l'. Yon lide vin nan tèt li : Timoun yo sot lekòl. Men, yo pa fè okenn bri. Kanmenm gen pwoblèm.

« Bonswa timoun ! » Manman te resevwa yo ak yon bèl souri. Apre sa li te gade yo chak byen gade. Pyè ak Timote te rete byen serye. Se klè Chalin te ap kriye. Se Lilin ki te pale anvan.

« Manman, Mariya Solis malad grav. Li ka mouri. »

Manman te sezi : « O! Mariya ? »

Dlo te koule nan je Chalin ankò. Li esplike : « Mariya pa t' lekòl jodi a ni ayè. Kounyeya yo di li fè maladi globil blan. M' konnen li pa t' santi li anfòm kèk jou sa, men poukisa li pa t' di m' anyen ? Mariya se pi bon zanmi m' ! Li pa t' di m' anyen ! »

Manman te reponn : « Se posib fanmi an fenk aprann sa. Èske maladi a gentan avanse ? »

Chalin te chita pou l' pale : « Doktè a di yo pa ka fè anyen. Li ka mouri nan detwa semenn ! » Tifi a te oblije apiye l' sou machin a koud la, epi li bese tèt li pou l' kriye.

Jou sa yo te difisil pou elèv lekòl yo. Yo pa t' ka travay byen. Plas Mariya a te rete vid. Chak fwa je yo te tonbe sou chèz la sa te raple yo verite a ki te tèlman etonan. Mariya te toujou yon timoun ki kontan, ki kalm. Li te zanmi tout moun. Kounyeya l'ap manke yo anpil anpil !

Yon jou pandan fanmi an te bò tab la, Chalin te anonse : « Elèv yo pral chante pou Mariya demen. » Nan tèt li, Chalin t'ap di : Mwen swete m' ka chante san m' pa tonbe kriye.

Nan demen lè elèv yo te antre lakay Mariya, yo te jwenn li nan salon an. Koulè l' pa t' bon, men li te parèt kontan.

Pwofesè a te di konsa : « Nou pral chante plizyè chan pou ou. Èske ou genyen yon chan espesyal ou ta renmen nou chante pou ou ? »

« Chante *Kè M' Di Amèn Devan Volonte Ou*. Mwen te toujou renmen chan sa a... sitou kounyeya. »

Chalin t'ap chache paj la nan liv chan li a, men li pa t' ka wè byen poutèt dlo ki t'ap fè pil nan je l'. Li te fè anpil efò pou vwa l' pa tranble.

*« Malgre plan m' yo ak espwa m' yo sanble yo gache,
Mwen va renmen Ou epi konfye Ou toujou,
Paske mwen konnen tou sa Ou fè Ou fè l' byen,
Epi kè m' di amèn devan volonte Ou, Senyè,
E mwen konnen Ou renmen m' toujou,
Pandan mwen bese ba pou m' soumèt,
Epi kè m' di amèn devan volonte Ou. »*

Pandan fanmi an t'ap manje ansanm jou swa sa a, Timote te poze yon kèsyon : « Èske doktè yo pa kapab fè anyen pou yo geri Mariya ? »

Chalin te reponn : « Yo pa panse trètman yo ap ede li ankò. Sa va di anpil si mwen pèdi Mariya. Nou zanmi depi lontan. Kounyeya... »

Papa te ofri kouraj. Li di : « Kontinye priye. Lafwa ou va grandi pandan ou fè sa. Bondye kapab geri Mariya. Li kapab. Men, si Li pa fè sa, ou kapab toujou rejwi paske ou konnen zanmi ou lan nan syèl la avèk Jezi. »

Yon jou pastè yo te ale lakay Mariya. Yo te vide lwil sou tèt li e yo te priye. Apre sa, youn nan frè yo te mande li : « Kòman ou santi ou kounyeya ? »

« Mwen toujou santi m' fèb. Men, mwen pa gen doulè ankò. Mwen kwè Bondye te pale avèk mwen pou di m' se nan syèl la m'ap geri. Mwen pare pou m' ale. Mwen pa pè. »



Chalin te la. Mariya te mande pou l' prezan. Kounyeya Chalin t'ap panse : *Nan syèl la ? Sa vle di Mariya konnen li pral mouri !* Pandan Chalin te kanpe la avèk tèt li bese, li te santi lapè. Menm jan avèk Mariya, kè Chalin te pare pou di amèn devan volonte Bondye.

De (2) semenn apre sa, tout fanmi Chalin lan te kanpe ansanm bò kavo Mariya a. Chalin ak lòt timoun yo te avanse pou yo kanpe ak tout lòt timoun lekòl la yo.

Yo tapral chante pandan moun yo antere kò tifi a. Depi pwofèsè a te ba yo siyal la, senkantsenk (55) ti vwa te tonbe chante ansanm.

*« Lè m' pase pou m' ale nan syèl la,
Epi nanm mwen rive nan laglwa,
Men kijan mwen va chante,
Se kè m' ki te di amèn devan volonte Ou. »*

Men sa ki te nan tèt Chalin : *Mariya te viv kenz (15) ane sou tè sa a, men l'ap viv tout letènite ansanm avèk Senyè a. Li kapab rejwi pou toutan paske li te obeyisan devan volonte Bondye a.*

*« Wi, kè m' di amèn devan volonte Ou, Senyè,
E mwen konnen Ou renmen m' toujou,
Pandan mwen bese ba pou m' soumèt,
Epi kè m' di amèn devan volonte Ou. »*

—Mildred A. Martin

Tèks la sòti nan *School Days with the Millers*
Nou te jwenn pèmisyon pou n' itilize tèks sa a.



Vèsè Pou Aprann

*« Sa fè Senyè a lapenn anpil lè Li wè youn nan moun
k'ap sèvi L' yo mouri ! » (Sòm 116.15).*



Aktivite Timoun

Pou chak referans nan Bib la ki site anba, ekri ti bout pasaj la ki mache avèk li. Tout ti pasaj yo pale sou volonte Bondye.

1. Matye 26.39 _____
2. Mak 3.35 _____
3. Lik 11.2 _____
4. Jan 5.30 _____
5. Jan 6.40 _____
6. 2 Pyè 3.9 _____

« ...sa M'ap chache fè a se pa sa M' vle, men sa Moun ki voye M' lan vle. »

« ...Men, se sa Ou vle a ki pou fèt, pa sa mwen vle a. »

« Paske, tout moun ki fè sa Bondye mande yo fè, se moun sa yo ki frè M'... »

« Men sa Papa M' vle : Tout moun ki...kwè nan Li, se pou yo gen lavi ki p'ap janm fini an. »

« ...Li pa ta renmen pèsonn peri... »

« Vin etabli gouvènman Ou lan. »

(Repons nan paj 14)

*D*rè zanmi an se
*sil*a ki konnen
tout mès ou yo epi ki rete
zanmi ou kanmenm.

CHRISTIAN AID MINISTRIES

Cache Cache Douge
Rt. National 1, KM 25
Titanyen, Haiti

GRATIS !

Si ou ta renmen resevwa *Flanbo Verite A*, oubyen si ou gen nenpòt lòt kesyon, oubyen ta renmen resevwa èd espirityèl, nou ta kontan ede ou nan nenpòt fason nou kapab. Ou kapab kontakte yon moun nan adrès sa a.



« *Se poutèt sa, mwen pran pawòl pwofèt yo pou pawòl ki sèten nèt. Nou menm tou nou byen fèt lè nou pran pawòl sa yo ak gwo konsiderasyon... »
(2 Pyè 1.19).*

Vire Je Ou Sou Jezi

Nanm mwen, èske ou chaje pwoblèm ?
Èske wout la parèt tou nwa ?
Limyè jayi lakay Sovè a,
Ansanm ak lavi tout bon vre !

Vire je ou sou Jezi,
Chache L' nan bèl limyè Li,
Tout dezi lemonn ape disparèt,
Lè n'ap mache nan bèl limyè Li.

Li pase nan lanmò etènèl,
E nou pral swiv menm wout sa tou ;
Pèche pa gen pouvwa sou nou menm
Nan Kris nou pote laviktwa.

Pawòl Li toujou rete fidèl ;
Konfye L', e sa va mache byen :
Pataje Bòn Nouvèl la ak lemonn,
Ki toujou nan chemen lanmò !

—Helen Howarth Lemmel